

# Guillotte, Pyebwa

Dat fokis gwoup la fèt: 2/2/18

## *Lis patisipan*

Dimanche; Wilgo; Gason; 37 ane; 2 timoun; Pwofesè; Filo; #18

Cuersy; Benson; Gason; 51 ane; 8 timoun; Kiltivatè; o; #16

Mettelus; Gerard; Gason; 90 ane; 4 timoun; Kiltivatè; o; #20;

Pierre Louis; Elnor; Gason; 71; 9 timoun; Kiltivatè; o; #19

Francois; Telcina; Fi; 68; 4 timoun; Kiltivatè; o; #2

Jean; Belanse; Gason; 37; 3 timoun; Kiltivatè; o; #17

## ENTWODIKSYON

[Bri aparèy kap ranje]

Tim: M met ale, ou vle'm ale, ou vlem kòmanse?

Islande: Eee, nou ka kòmanse ? Bonswa tout moun !

Piblik: Bonswa madam.

Islande: Ee jodi a nou la a, se pou'm prezante nou anvan, se ee mesye Tim, se Marco avèk mwen menm nou pifò la nou konnen'm menm se Islande.

E nou vin chèche kèk ti enfòmasyon pou EPER. Nou konnen EPER travay nan zòn nan, li fè wout, li fè lekòl men nou ta vle plis konnen sou koze pyebwa, sou lèm di pyebwa ni ni ann di bwa an jeneral. Pyebwa [Tim grate gòj li] bwa pou fè fri, bwa'k pou fè chabon, bwa'k pou fè tout kalite bagay nèt, se kèk ti enfòmasyon nou bezwen paske nou konnen nou menm nou ka konn kèk bagay, men nou menm ki nan zòn nan se nou menm ki ap viv nan zòn nan se nou menm ki konn ki kalte pyebwa ki kalte fri ki gen nan zòn nan. Se sak fè nou vin kote nou pou nou ka pran kèk ti enfòmasyon. Se pa yon enfòmasyon nou pral pran apresa pou'n vin bay yon bagay non. [Gen yon moun ki grate gòj li] Men sa ka rive ke avèk enfòmasyon sa yo nou vin genyen plis enfòmasyon sou zòn nan, sa ka wè ke si gon pwoblèm ki vin genyen, oubyen si yo gon su[i]po yap pote nan zòn nan pou yo ka wè ki kalite sipò yo kapab pote. Men se pa yon yon koze nou vin fè avè nou la pou nou konnen kisa nou bezwen nan zòn nan epi pou'n al di yo epi pou yo menm pou yo ban nou. Èske nou konprann?

Piblik: Nou la wi.

Islande: Se kèk enfòmasyon nou bezwen a vle di sa nou pral di yo se bagay ki ap rete...Se kòmsi m'ta diw se enfòmasyon nou bezwen pou zòn nan, men se pa bagay pou nal mande ni pou zòn nan oubyen pou nal mande. Se sak fè nou itilize ti kat sa yo, menm si nou wè nou bay ti kat sa yo, nou gen ti nim sa yo [Tim grate gòj li] Se yo ka pral idantifye nou pou nou pa di non nou. Pou nou pa di ke a, e m'paka pale tèt e pawòl sa paske non'm pral site, èske nou konprann? Nou pral, gon jan nou pral fè tou, nap fon ti silans paske yap anrejjistre tout sa nou di yo se anrejjistre yap anrejjistre pa gon moun ki pral ekri sa. Si pou yo ka tandé tout sa nou di yo fòk nou ka fon ti silans. Èske nou konprann?

Piblik: wi!

Islande: Anvan nou pale, nap di men nimewo ki nan men nou. Nimewo egzanp [ Gen yon moun ki tous] nimewo 3, tèl enfòmasyon. Nou konprann?

Nap poze nou kèk ti kesyon nou menm menm nap reponn.

M'di nou mèsi davans wi pou konpreyansyon nou.

Piblik: Mèsi

Islande: M'pa konnen si wap ajoute kèk bagay anvan nou kòmanse ?

Tim: Non non m'pa konn siw vle prezante tèt ou? M'getan di se Tim ye m'konn travay nan zon tanzantan.menm plis travay nan lot kote an ayiti.

Non pam se Marco e mwen map travay avèk sosyodig bon petèt m'travay plizyè fwa isi deja.

Tim: Wè m'bliye sa lè nou tap fè yon tra... Men lè li di sosyodig nou se sa se yon gwoup moun kap fè rechèch, yon konpayi kap fè rechèch epim travay avèk yo tou. Kounya eee pou kòmanse nou nou sase yon koze de pyebwa, kounya nou ta vle konnen kòmsi ki pyebwa nou gen nan zòn isit la? Wap pale, nap mande'w anvan, ki nimewo'w epi fò'w di nimewo'w ?

#3: Nimewo 3

Tim : Nimewo 3 ok, ki pyebwa nou genyen ?

#3: Bon, Pyebwa ki pi enpòtan pou nou, nou te genyen en ki kounya'm mete ki echape nan men nou e pye mango.

Tim: pye ?

#3: pye mango.

Tim: Pye mango.

#3: Pye mango ki pi enpòtan pou nou, epi lam veritab, tout pèdi kokoye, bon men you'n ankò ki pi enpòtan ankò se kowosòl, kounya kowosòl la m'mét diw li pa bon ankò paske limon pran yo.

Tim: Bét pran yo?

#3: Limon depi yo donnen epi yo yo yo gon bagay nwé ki pran yo, eee yo vin pran kò kowosòl yo vin tou pa bon.

Tim: Yo jis pran ko ..kowosòl.

#3: Wi

Tim: Epi mango?

#3: Bon, mango a siklòn nan lage yo atè yo yo tonbe nèt. Bon gen kokoye a ankò nou diw la, lèfini gen labapen an kite konn ede nou ankò tout pèdi pa gen pagen anyen ankò.

Tim: rekòt pèdi pou tèt kout tan an?

#3: Pou tan an .

Tim: Ok

#3: Tan alave yo nèt.

Tim: Ok, [Tim grate gòj li] Èske, ki pye ki pyebwa ankò? Ou menm ki nimewo'w?

#2: Nimewo 2

Tim: 2. Ki pyebwa nou genyen ankò?

#2: Pyebwa nou genyen, nou gen pye kachiman, pye kachiman sa yo nou pèdi yo nèt apre tan fin pase nou pèdi pye kachiman

Tim: Men ki lòt ankò?

Islande: Men ki pyebwa nou genyen ?

Marco: Aktyelman?

Islande: kounya ?

Marco: Aktyèlman ki pyebwa nou plis genyen ?

Islande: Kounya ki pyebwa nou genyen?

Tim: Men gen kèk grenn kanmèm kap rete

Islande: Non, ki pyebwa nou genyen, epa kèk non? Di tout pyebwa nou genyen nan zòn nan ?

## 5 Minit

Tim: Ou mèt pale?

#26: Nimewo 26, nou genyen pye zaboka, gen pye sitwon, pye zowanj, pye chadèk, nou gen pye, anpil zanmann nan zòn nan, pye zanmann, gen lòt bwa tou ki pa bay fri tankou gen de seri de bwa yap rele tankou bayawonn, kanpèch, gen yon bwa, bwa ki rele liseda nan zòn pa nou genyen'l anpil tou. Genyen sin ta gade tankou zòn sa chaje a zanmann gen yon seri de bwa tou nou gen lòt pyebwa tou, malgre nou gen pye abriko gen pye palmis, kwa ke gen anpil nan yo ki ki an majorite jan yo te ye a li vin anpil li vin detwi, nou gen kèk gon seri de pye kajou tou,e se 2 bwa sa yo gen kèk ti pyebwa nou ka pa konn non ankò ki genyen nan zòn nan.

Tim: Men, men kouman e pyebwa kijan ki jan yo sèvi avèk pyebwa bò bò isit? Kòmsi ou konn kouvri kay avèk gen pyebwa ou kouvri kay avèk?

#26: Non, nou konn konstwi kay avèk yon seri de pyebwa men nou pa konn kouvri kay avè yo.

Tim: Ki, ki, ki bwa, ki pyebwa?

#26: Pyebwa nou kontwi kay gen gen bwa ki rele fwenn, gen bwad woz, gen bwa kanpèch yo sèvi pou fè poto, gen bwak rele sapotiye nan zòn tou ki genyen yo nou itilize yo pou yo sèvi kay. Gon lòt ti bwa yo rele damari ankò yo sèvi pou yo fè kay.

Tim: Ok, lè yo di ee yo itilize pou fè kay kòmsi kom planch?

#26: kòm, non genyen se poto yo fè avè yo se pa tout kay ki fèt ak poto fè, gon seri se poto kay la yo sèvi, genyen yo sèvi kòm travès filyè pou fè chevwon pou kay la, epi genyen tou yo siye pou fè planch pou late epi pou fè pòt nan kay la.

Tim: Ok

Islande: Pa gon lòt moun kap ajoute anyen? Kisa'w tap di nimewo 20?

#20: Bon! sa madam nan di an se sa, men tan an vin pase te gen anpil pyebwa sa vre men tan vin pase, nou te ganpil pyebwa tan kòm pye sitwon sonw bagay ki tèlman itil

men apre tan fin pase a li prèske detwi tout sitwon ki te genyen, sitou mwen menm, bò lakay pam tan detwi tout sitwon kite genyen, menm lè yon ti gouman kite rete menm donnen li pa donnen ankò.

Tim: Banm poze yon ti kesyon, dènye fwa sa se nimewo 20?

#20: Wi!

Tim: Dènye fwa ou te plante yon pyebwa kilè li te ye? Ou konn plan plan eee ou plante pyebwa?

#20: Wi

Tim: kilè, dènye fwa ou te plante yon pyebwa?

#20: Dènye fwa mwen plante pye...Se nan mwa mwa novanm m'te plante 2 pye kokoye [ri]

Tim: Pye kokoye? Epi ou menm ki nimewo'w?

Marco: Ki nimewo'w paw la

Islande: Ki nimewo'w paw la?

#10: Nimewo 10

Tim : Nimewo 10. Kilè, ou konn plante pyebwa?

#10: Wi, m'konn plante plan kokoye, m'konn plante plan sitwon, zoranj.

Marco: Depi kilè'w te plante yon pyebwa?

Tim: Wi depi kilè?

#10: Apre tan pase a m'plante kokoye, m'wè yo kòmanse ap....

Tim: Banm, banm poze yon lòt kesyon?

#1: Apresa'm plante jaden.

Tim: ou plante jaden ?

Tim: Èske se gason ki plante plis pyebwa? oubyen fi?

#2: Gason.

#3 : Gason.

#10 : Son plis men fi plante tou wi, men gason yo plis plante.

Tim: E ou menm ventisis 26 ki dènye fwa ou plante pyebwa?

#26: Bon, dènye fwa m'plante pyebwa...

Tim: siw pat janm plante....

#26: M'pa plante, m'plante m'pa sonje ki kilè ki dènye fwa mwen te plante.

Tim: Ok, ok Epi?

Marco: Zewo 1

#26: M'pa sonje.

Islande: Zewo 1, jodia jedi.

#1: Jedi. Madi an mwen plante 2 pye kokoye.

Tim: Epi ok, epi ou menm eee?

#8: M'se zewo 8.

Tim: Ok! Ou se zewo, zewo 8. Siw pat plante ou di ou pat plante ?

#8: Non m'pa plante Non.

Tim: Ou pa plante.

#16: M'plante lòt plant, m'plante lòt plant.

Marco: Nimewo 16..

#16: Nan jaden.

Islande: Tankou ki plant ou plante?

#1: M'plante pwa.

Tim: Ou plante jaden ?

#1: M'plante mango.

Islande: Ok .

Tim: E ou menm?

#16: Mwen menm mwen plante eee kokoye, apre tan ou konnen nou vin pedi kokoye nou yo nou ke, nou plante zaboka e mwa novanm nan ki sot pase a la tou nou plante lam. Lam ki rele lam kayin.

Tim: Lam, yon lam spesyal?

#1: Wi

Tim: kote'w jwenn se...Kote'w ti pyebwa pou plante?

#1: Mwen rache'l.

Tim: Ou rache'l ou jwenn yon kote ou rache'l ?

#1: Mwen rache'l pandan lapli ap tonbe mwen plante'l, m'gen plizyè, m'gen 3 pye la nan sam plante yo ki pouse ladan yo, epi zaboka li menm nou te pèdi'l kokoye a e plis yo menm, nou nou vin plante, epi gen yon seri de pyebwa tou, tankou pyebwa sa a.

Islande: Kouman'l rele?

# 1: Li rele sanwont m'pa konn non'l.

Piblik : Nou tande yo rele'l sanwont, men nou pa konn non'l

Tim: Sanwont?

Piblik: Wi !

#1: Li rele sanwont nou plante'l paske li bay lonb, lè'w plante li devan pòt, tout wout yo li bay lonb pou devan pòt yo epi'n plante yo.

31: Pye zanmann tou.

Tim: Men li pa gen anyen, li pa itil pou anyen ankò?

#1: Li pa bay fri non.

#16 : sèl pou lonb.

#1: Sèl pou lonb.

Piblik: Sèlman bêt manje'l, bêt manje'l.

Tim: Sèl bêt manje'l?

piblik: Wi!

Tim: Epi ou menm ou te plante pyebwa ?

#19:Non.

Tim: E ki nimewo'w te ye? 19 epi 17. Ou te plante pyebwa?

#17: Non! m'pat plante pyebwa.

Tim: 18, Ou te plante pyebwa?

#18: M'te plante ti pye sitwon.

Tim: Kilè'w plante'l?

#18: M'plante apre tan an.

## 10 Minit

Tim: Epi 15?

#15: M'koupe bwa m'fè chabon.

Tim: Ou konn fè chabon?

#15: Wi.

Tim: Men ou pa plante pyebwa?

#15: Non.

Tim: Epi eee ki nimewow ankò ?

#2: Zewo 2

Tim: Nimewo 2

Nimewo 2: M'plante pyebwa, paske se mwen kap viv pou kom nan kay la, se mwen pa gen mari. Sa vle dim plante nenpòt pyebwa'm jwenn, mwen plante kokoye, m'plante m'plante pye kachiman,[ Tim grate gòj li] sitwon kounya sitwon'm yo kòmanse ap donnен.

Marco: Depi kilè'w te plante ?

#26: Apre tan an.

Marco: Apre tan an?

Tim: Apre ta an ?

Tim: Epi ou menm nou konn plan..

#26: Apre tan an.

#41: M'konn plante kokoye, m'plante bannann, m'plante sa yo apre tan an.

Tim: Apre tan an?

#41: Wi ?

Tim: Epi ou menm ki nimewo'w ?

#31: 31

Tim : Ok ou te 41 ou se 31? Epi ou menm ou plante pyebwa ?

#31: On sèl ti abriko mwen te plante.

Tim: Kilè ou te plante'l?

#31: Apre tan an.

Tim: Apre tan an?

#3: Wi wi ! M'plante bannann.

Tim: Ki nimewo'm te baw?

#3: Nimewo 3.

Tim: 3 ok ! ou plante bannann?

#3: Wi, m'plante kokoye.

Tim: Kokoye ?

#3: Wi.

Tim: Kilè ou te plante'l ?

#3: Apre tan an m'te plante 3 pye kokoye bêt bêt manje 2 ladan. Gon'w bêt anba tè a ki manje kokoye a yo

Tim: Enhen bêt anba tè a ?

#3: Wi ! Mawoka.

#26: Li rele mawoka.

Marco: Kisa yon mawoka ?

#2: Mawoka son bêt ki anba tè a, li fouye pa anba tè a li manje pyebwa. Kòmsi manje li manje rasin nan.

Tim: Ok

Islande: Epi pyebwa ap mouri. Li Rantre kòmsi la rantre nan tè a.

Tim: Kou wè yon cheni li ye ?

#26: Kòm yon cheni, kòm yon vè.

Marco: Epa sèl pyebwa li manje tou non, li manje patat, li manje tout sal jwenn.

Piblik: Wi, wi

#26: Yo rantre anndan yanm nan.

Tim: Pa gen mwayen pou twe yo ?

Piblik: Bon nou pa konnen nou pa gen teknik pou sa.

Marco: Paske se anba tè li ye.

#31: Gon'w ti bêt, yon ti bêt blanch li fè nich sou pyebwa, depi se bagay nou genyen yo gaspiye tout nèt.

#16: Ti mouton.

Tim : Gen plizyè pyebwa li gaspiye ?

#31 :Li gaspiye nou nèt.

#16: Li plis manje manyòk, li manje pwa kongo.

Islande: Palon ti gon palon ti jan fò.

#16: Li manje manyòk, li manje pwa kongo.

Tim: 19 ou ye ?

Islande: Nimewo 16

#16: Nimewo 16

Tim: Yon ti bét blan ?

#16: Yon ti bét blan ki rele ti mouton li manje pistach, lèw plante pistach la li manje pistach la, li manje fey pistach la li sousel, epi li fè pistach la pa bay anyen menm.

Tim: Kisa ki manje pitimi ?

# 16: Pitimi se yon zwazo.

Tim: Men ou pa gen pwobl ou pa epidemi sou pitimi ?

Piblik: Nou pa plante pitimi, nou pa fè pitimi bò isi.

Tim: Anh nou pa plante'l ?

#16: Non nou pa fè kilti sa.

Tim: Ok, ann pale de itilite de bwa yo, kòmsi nou tap di ke ou fè kay avèk planch.

#26: Wi .

Tim: Èske gen eee lòt bagay kòmsi nou tap pale ak moun lòt kote yo, yo konn fè bwè, bwè, bwè pou kannòt , bwè, bwi ?

#2: Pou moun bò isi

Islande: Nas

#3: Bwawon

Islande: Bwawon

#3: Bwawon

Tim: Bwawon, li fè, bri?

#3: bwawon yo peche.

Tim: Bwè, kòman yo rele bagay la, wi yo pe...

#3: Yo peche nan lamè

Islande: Nas !

Tim: Wi.

Islande: Nas pou yal peche pou yo kenbe pwason .

Piblik: Ak banbou, sa se banbou, ak banbou.

Tim: Non se pa...Wi kisa ankò yo fè nas, banbou sèlman?

Piblik: Ak banbou, wozo.

Tim: Men bwe se yon bagay, mwen mal dil m'pa dil byen.

Piblik: Wi.

Tim: Se yon bagay nwa lye?

Piblik: Wi.

Islande: An, sa pou yo pou fè !

Islande: An bagay bre !

Piblik: Bre, bre !

Islande: An bre !

Tim: Bwe li rele ?

Piblik: Bre, bre...

Tim: Bwe ?

Islande An, ok

# 1: Yo mete'l, yo limen.

Tim : Ou sèvi avè yo tou sou tèt kay ou tou?

#16: Wi! si kay la koule

Piblik: Hummm

#16: Si kay la koule.

Islande: An ok, gonm nan.

#1: Depi yo limen'l, epi ou mete...

#16: Epi ou metel avèk kote, epi ou bouche tou yo tou ki nan tòl yo

Tim: Ok

#16: Pou li kapab eee

Tim: Ou sèvi avè'l pou tòl tou

Tim: Ok

#16: Men e ou pa gen kawoutyou ?

Islande: Nou pa gen pye kawoutyou bò isi a?

Piblik: Non, nou pagenyen.

Tim: [ Tim grate gòj li] Ok, kounya ou fè, ou fè nas avèk banbou. Ou fè ou fè panye avèk kisa?

Islande: A kisa nou fè panye ?

Piblik: Latanye.

Tim: Sèlman latanye ?

Islande: Nou gen latanye bò isi a ?

Piblik: Gen latanye, gen kèk moun ki genyen pye .

#26: Gen kèk pye malgre gen anpil ki detwi.

#16: lyann, lyann.

#26: Gon lyann ki rele lyann bari, yo fè panye avèl tou.

Tim: lyann bari?

#26: wi, lyann bari.

#1: Men'l detwi.

#26: Li fè bon panye, panye pou yal nan jaden tou.

# 16: Ak lyann panye a menm.

#3: Lyann panye, lyann panye a epa legim.

#26: An, lyann panye a ki fè panye, sa moun manje a ?

Piblik: Wi!

Tim: Yo fè panye , lyann panye?

#26: Yo fè panye a.

Islande: Eee, lè yo mete, e pou dyakout, gad nan pa enhen.

#26: So, avè avè latanye yo fèl.

Islande: E chèz pay?

#26: Avèk bwa, epi jon palmis lan.

Islande: An jon palmis.

#16: Gen kote yo fèl a latanye.

#26: Gen kote yo fèl a latanye tou, men anpil fwa se jon palmis lan yo konn plis itilize.

Tim: Epi kenpòt bwa a bon, oubyen yon bwa spesyal?

#16: Yon bwa spesyal.

#26: Se bwa frenn, avèk yon lòt bwa yo rele sapotye yo konn mete nan bawo yo, nan bawo chèz yo.

## 15 Minit

Tim: Men epi kounya, moun konn isit, vin isit vin epi achte pyebwa pou fè planch?

Piblik: Wi

Tim: Oubyen pou fè kannòt?

Piblik: Wi!

Tim: Gen kannòt, gen plant spesyal pou kannòt?

Islande: Pou yo fè konnòt, paske gen plant ki bwa spesyal...

#16: Gen yon bwa ki rele monben.

Tim: Li bon pou, pou.

#16: Avèk yon lòt ki rele danmari.

Tim: Yo bon pou planch, yo bon pou...

#16: Pou yo fè kannòt, bwa fouye.

Tim: Kannòt, bwa fouye.

#16: Bwa Pou yo fe planch lan yo rele frenn.

Tim: Frenn?

#16: Gen frenn, gen lorye non li pale...

#3: De kannot lap palew....

#1: Gen kajou.

.Tim: Akajou?

#1: Kajou.

#16: Kajou sa se pou planch

#1: Pou planch wi

Tim: E bwa fouye ?

#26: Bwa fouye a ak mango yo fèl ankò.

Tim: Mango?

Piblik: Wi

#16: Non, yo fèl a monben an wi!

Tim: Ki nimewo'w ye ankò?

Marco: 16.

Islande: Nimewo 16.

Tim: 16, yo fèl a monben, yo pa fèl avèk mango, yo fè avèk mango ?

Piblik: Wi, yo fè avè mango .

Tim: Yo fè avè mango tou.Ok!

Islande: Pa gen apre de 2 sa yo, pa gen avèk lòt pyebwa yo fè?

#3: Wi, genyen depi bwa gwo yo ka reponn ak tout kritè yo genyen

#16: Fò yo gwo anpil.

Islande: ki kritè, ki kritè pou yo pran?

#3: Savledi gwose moun nan bezwenl lan longè a, lajè a

Tim: Kounye a monben se paske li tèlman gwo ?

Piblik: Wi.

Tim: Se sak fè yo plis sèvi avèk li?

Piblik: Wi

Tim: Ok

Islande: Pa gen monben bò isi a?

#16: Pa gen monben pa gen...

Piblik: Genyen, gen zòn ki genyenl, on ti gress wap jwenn akajou, ou ka jwenn.

#26: Te konn genyen'l.

Tim: [Tim grate gòj li]

Marco: Ki pyebwa ki pi itil nou bò isi a?

Piblik: Pyebwa ki pi itil pye veritab, pye mango, pye fwi an yo, sak bann manje yo .

Marco: Sak pi itil nou?

#16: Se mango, veritab, sak bann manje yo, mango, veritab, kokoye ..

Marco: Nimeow 16 ?

Marco: nimewo 2?

Islande: Kisa ki pi itil ou?

#2: Veritab la bon pou mwen anpil,e li itil mw kokoye,veritab,mango a.

Islande : Sak fè yo pi itil ou?

#2 : Paske e lim jwenn, avèl m'vin viv, se avèk li ban bon nouriti pou timoun nan yo.

Tim: Kisa ki vann pi plis?

#2: Veritab la vann anpil.

Tim: Eee, ki ki, ok èske gen yon sèl kalite veritab nan veritab oubyen gen plizyè?

#2: Gen plizyè.

Piblik: Nou gen 2 kalite.

Tim: Gen 2 kalite?

Piblik: Wi !

Tim: E mango?

Piblik: Plizyè kalite.

Tim: Ki kalite ki pi, ki vann pi byen ?

Piblik: Mango yil, mango kòn, mango kawòt, mango kakòn nan.

#26: Mango ki te ka plis vann yo, genyen nou pa genyen yo, genyen ki rele mango madan blan, mango madan fransik.

Tim: Se sa'k...

#26: Se sa yo ki konn plis vann, men bò isi a..

Islande: Men bò isi a ki mango nou plis vann ?

#26: Mango kakòn,Laben, mango yil, labich .

Tim: Poukisa nou pa plante fransik ak madan blan si yo vann byen?

#1: Nou pa jwenn yo, nou pa jwenn plan yo.

Tim: Ou pa jwenn yo ?

Piblik: Defwa'n plante yo yo pa reyisi.

#1: Tè a seche.

#26: Nou konn plante yo nou pa reyisi yo.

Tim: Ok.

#16: Yo tounen lòt mango, lèn plante mango madan blan li bann yon lòt kalite.

Islande: Ok.

#16: Lèl donnен .

Islande: Gon kesyon'm vle poze, genyen mango yil ki son mango prèske espesyal pou gran dans, èske nou menm bò isi a nou gen mango yil? Oubyen nou konn plantel?

Piblik : Genyenl, li pa anpil.

#1: Tan kraze pye a yo.

#16: Tan kraze pye yo.

#1: 2,3 pye kite genyen tan kraze yo.

Marco: Men nan mango nou genyen yo, Èske nou genyen lòt gran vandè ki konn vin achte nan men nou?

Piblik: Wi!

#1: Wi, machan.

Islande: Kouman nou konn vann yo? Kouman nou konn vann yo?

Piblik: Nou vann yo pa panye, pa kivèt, bokit, pa kòbèy .

Marco: Yo vin dèyèl nan machin la ?

Piblik: non!

#26: Non, yo pa vin la non !

Marco: Machann a pye ?

#26: Pi fasil ou jwenn ti machann a pye vin la, apresa se gonmye pou'w desann avèl lè machann yo [ Machann ki sot lavil yo] Pou vin achtel nan ...

Tim: Ou menm ki pote'l ?

Islande: Nou pa konn pote yo nan mache ?

Tim : Ou menm ki pote'l, mwen ki potel al nan mache ?

#26: Wi! ou pote'l wale nan bò lari a avèl gen machann ki vin achte'l yo menm yal revann livil la, oubyen nan lòt zòn.

Tim: Pa gen moun ki vin isit yachte pye, yachte pyebwa yachte rekòt la kòman yo di?

Piblik: Non, non.

Islande: Tankou yon moun vin la lachte yon rekòt mango, alò yon rekòt la, lachte pye mango a pou rekòt la?

#26: Non, sa pa fèt non.

Islande: Sa pa fèt ?

Piblik: Non.

Tim: Èske gen lòt pyebwa yo vin achte rekòt la?

Piblik: non.

Tim: Kokoye avan yo pat konn fe sa?

Piblik: Non, kokoye a ou keyil wal vann ni.

#1: Ou gen kote wal vann ni nan mache a.

Tim: Lè yo vann mango yo, an, kokoye, ou seche yo avan?

#1: Wi.

Tim: Yo pa gen dlo ankò?

Piblik: Wi, yo gen dlo.

Tim: Yo gen dlo?

#1: Depi yo mi yo ka vann.

Islande : Yo seche yo, lè yo sekwe yo lè sa yo ka graje.

#1: Depi'w tandé kokoye a sekwe, savledi li di, li pre pou'l graje lè sa wal vann li.

Tim: Ok.

Islande : Men èske nou pa konn al vann kokoye ole tou?

#3: non, nan zòn nan nou pa vann li anba isi.

Tim: Kisa se... ??

Islande: Kokoye ole a se lèw ka manje gle a.

Tim: Ok.

Islande: Ou bwè dlo a kom rafrechi ou manje gle a.

Tim: Li fre ?

Islande: Enhen

#3: Gen moun ki vann yo, men nou menm bò isi a nou pa vann li.

Tim: E grenadya?

#3: Wi.

Tim: Nou gen anpil?

## **20 Minit**

Piblik: Nou konn fè li men kounya pa genyen'l, e tèlman'l chè li ra

Tim: Jis li pa sezon pou yo ?

Piblik: Wi!

Tim: Epa lè pou yo ?

Piblik: Wi!

Tim: Men nou konn genyenl anpil? Kilè'w konn, ann ann tyeke sa enhen kile'w konn gen grenadya ?

Piblik: Mwad me, kòmanse mwad me.

Tim: Me jiskilè?

#26: Kòmanse mwad me, kòmanse mwad me.

Tim: Me rive jis desanm ?

#26: kòmanse nan me konn kòmanse gen grenadya, depi me, jen yo konn kòmanse genyen'l.

Tim: Jis Kilè yo fini?

#26: Genyen yo konn fini jiska desanm.

Tim: Desanm epi ok, mango?

Piblik : Mango pou vakans mwad jen, jiye, mango bay tout lè, mango a prèske pa gen sezon .

Tim: Hen!

#26: Mango a prèske pa gen sezon ankò wi kounye a.

Tim: Près pa janm fini?

#26: Mango a prèske bay tout... Chak moman gonw ti rekòt, lè sa fin mi, epi yon lòt sa gendwa ap mi yon lot ap fleri.

Tim: Kounya gen mango ?

#3: Pi gran rekòt la e me.

Tim: Me ?

Islande: Pi gran rekòt la e me ?

Tim: Ok, kisa eee kachiman?

#26: Kachiman m'wè kòmanse genyen'l la.

#3: Mwen wè genyenl wi, kòmanse genyen'l.

#26: Kòmanse gen kachiman wi, depi janvye a la kòmanse genyen'l.

Tim: Jiskilè?

Islande: Kile yap fini?

#3: Pou di nenpòt me, Jwen.

Marco: Jwen

Marco : Kisa ankò, kayimit?

Islande: Kayimit? Pa gen kayimit bò isi a?

#1: Non pa genyen'l, konn gen pye kayimit...

Islande: Papay.

#2: Wi, nou chaje papay

Islande: Kilè'l kòmanse?

#3: Papay la nenpòt lè

#1: Li pa gen lè

#2: Sa depan de lè'w plante'l.

Islande: Li sou wout ane a?

#2: Sa depan de lè'w plante'l la.

Tim: Ok, kenpòt lè, li gen sezon pa li, chak pyebwa gen sezon pa li.

Islande: Genyen ki bay plis yon lè, men apresa?

#26: Wi, men apresa..

Islande: Nap...?

Marco: Men konn gon sezon tout moun ki genyen'l nèt?

#3: Gen sezon .

Marco: Gon sezon tout moun konn genyen'l nèt?

#26: Nan moman sa genyen'l anpil.

Marco: Nan ki mwa, nan ki mwa lye, nan moman tout moun genyen'l lan ?

26: Desanm, janvye.

Marco: Desanm, janvye.

#26: Wi, genyen'l anpil la kounya.

Islande: Apresa lòt kote a yo?

#1: Desanm, janvye, fevriye, mas tout se lè nou gen papay.

Tim: E sitwon?

#1: Sitwon gen lel wi.

Tim: Kilè'l ye, kilè li genyen?

#1: M'pa genyen.

Tim: Ou pa genyen, kilè yo te genyen [ri]?

#1: Tan ap regle sitwon an.

Islande: Sitwon

Tim: Zoranj dous.

Islande: Zoranj ?

#26: Nou konn gen sitwon nan zòn me, jen yo, paske depi'w kòmanse pral pran novanm li kòmanse, li te konn rate kounye a. Depi'w nan janvye'w pa genyen'l. Avril me yo dapre mwen.

Islande: Kowosòl?

#20: Pati mwad mas yo pral gen sitwon wi.

Islande: Sitwon kòmanse an mas?

#26: wi!

Tim: Kilè yo fini?

#26: Li pral fini zòn, paske kou'w kòmanse pran novanm yo kòmanse rate, yo kòmanse chèrii paske pa genyen'l ankò.

#1: Depi nan oktob.

Islande: Ebyen ok, ebyen'l fini an septanb.

Tim: Gen zaboka bò isit ?

#26: Wi

#20: Ane sa nou pa gen sa ditou

#26: Genyen'l.

Tim: Tan kraze yo? Te genyen ?

#26: Genyen'l kanmèm, wap jwenn kèk pye kanmem, genyen'l, genyen'l kanmèm

Islande: Ki sezon'k genyen'l plis.

#1: Sezon zaboka

#3: jiyè.

#1: Jiyè, out.

#3: septanb, oktòb, novanb.

Islande: E kowosòl la?

#1: Kowosòl la.

#20: E menm jan ak kachiman.

#1: Kowosòl e epòk mango.

#26: Nan moman sa genyen'l tou wi, epòk kowosòl la la. Genyen'l nan moman sa.

Tim: kilè yo fini?

#3: kilè yo fini?

#1: M'pa konnen.

#20 : Wap toujou jwenn grenn, li pap an nabondans men wap toujou jwenn

#16: Kowosòl?

Tim: Wi kowosòl toujou jwenn?

#1: Wè pichon pranl pranl.

Tim : Gen lòt bagay nou pa mande? Zanman?

Islande : Zanmann.

#26: zanmann.

#20: Zanmann nan e fèy la jete pou'l al fleri

#16: Kenèp

#26: Kilè'k pral genyen'l la?

Islande: Pa gen kenèp bò isi a

#1 : Mwa jiyè, gen kenèp tan kraze yo.

Tim: Tan kraze kraze yo?

#26: Mwa jiyè

#1: Kenèp an mwad jiyè wi lye.

Piblik: Wounou, wounou

Islande: Pa gen chadèk bò isi a?

#20: Non, tan an an kraze tout.

Tim: Tan an kraze ?

Islande: Depi telefòn rantre ?

I#16: depi telefòn Natcom rantre nou pèdi chadèk

Tim: Telefon Natcom ki ki gate yo ?

Islande: Nimewo 16, sak fèw esplike sa?

#20: Depi, eee depi antèn Natcom fe sa yo mete'l mezi chadèk nou te genyen..

Islande: Oo, oo kote kote antèn...?

#16: Li, antèn nan wozo

Islande: Wozo lye?

#16: Wi, depi'l fè sa antèn Natcom nan rantre mezi chadèk nou te genyen tout tonbe pouri nou pèdi tout..

#Piblik: Ni zoranj, ni zoranj, kafe nou pèdi tout nèt

Tim: Kafe tou?

#16: Nou pèdi tout.

Tim: [ Tim touse] Pa gen kafe ankò ?

Piblik : Non!

Tim: Kile natkom te rantre?

#16: Lontan kèk tan sa.

Tim: 2 an, 3 an?

Piblik: non! li gen plis.

#16: Depi lè sa nou pèdi tout jadenn yo.

Tim: Natkom ka gentan gen 8 tan, setan

Islande: Digicel te gentan la?

Piblik: Digicel te gentan la.

Marco: Men, èske se di yo di nou se antèn nan ki... ?

## **25 Minit**

#16: Wi

#26: E sa nou tandé men nou pa konnen.

Tim: Men se lè sa, lè sa rekòt yo kòmanse detwi ?

#1: wi, tout detwi, tout kafe tout detwi

Tim: Kafe tou?

#1: Wi

Tim: Pa gen kafe ankor[\[iii\]](#) menm?

Piblik : Non pa gen kafe.

#26: wap jwenn kek grenn.

Islande: Èske anba skolit ki detwi kafe ?

#16: Skolit.

#26: gen kotek gen kafe

#16: Skolit la manje, souse kafe a

Islande: Enhen, men èske, èske ?

#3: Son'w bagay ki tonbe sou pye a

Piblik : Son bagay ki tonbe sou pye a tou nwa, sak tonbe sou kowosòl la, e li ki tonbe sou li.

Tim: Li tonbe sou kafe tou?

#16: wi

Tim: E nou pa gen kakawo?

#16: Youn nan pye

#20: Nou te genyen'l tan retire tout

Tim: Tan an retire kakawo tou?

#16: Wi, tan an rache yo

Tim: [Tim touse] Men kèk gress ki rete?

#1: Gen kèk gress

Tim: Li pa gen pwoblèm a kakawo, li pa gen pwoblèm a pitimi?

#16 : Non li pa genyen'l

Islande: Menm te vle, m'vele konprann pi byen bagay antèn nan nap dim nan. Èske zoranj dous? Nou pa gen zoranj dous nan zòn nan?

Piblik : Non, non. Tout pèdi

#16: Mezi majorite kotek te konn genyen'l yo se menm bagay la yo te konn rapòte. Esa yo rapòte'n tou paske naprann yo din sen domeng te gen natcom nan, li te bay pwoblèm sa a?

Marco: Ok

Tim: Sen domeng gen nat?

Islande: Te gen natcom nan?

Tim: Pa janm sonje natcom?

Islande: Pa genyen'l kounya ankò?

Marco: Kounya gen lòt non?

Tim: Te gen komkas?

#16: Natcom te vin genyen'l...

Tim: Te gen oranj, komkas?

Islande: E orang mwen te konnen?

#2: klawo!

Tim: Klawo?

Marco: Viva

Islande: Humm

#16: E natcom nan te genyen, natcom nan te bay pwoblèm

#26: Nou pa konn si e vre, men esa nou tandé depi lè sa

#16: Wi, nou konn gen anpil, anpil chadèk lè nou leve tan an

#26: Anpil chadèk

#16: mwad mas chadèk yo e konsa yo te konn rete, nou konn pa jwenn moun pou'n vann yo.

#1: Wi mwa desanm, mwa desanm, janvye nou te konn genyen'l

Marco: evre ?

#16: Wi, kounya nou pèdi tout

Tim: Kisa nou te konn fè yo lè nou te genyen twòp?

#1: Nou te konn al vann yo, nou fè ji

#20: Yo konn gaspiye

Tim: Lè yo gaspiye ou pa bay bèt yo?

Piblik: Non nal vann

Tim: Bèt pa manje yo?

#16: Selon moun ki manje yo epi nou fè ji avè yo, men nou pat janm ka fin bwè tout [Kounya'w pa jwenn sa menm]

Tim: Tèlman genyen.

#16: Tè tèlman genyen

#26: Lè'l vin rete twop konya dlo anndan'l lan vin, sèch kounya yo itilize'l po po ki anndan'l pou fè konfitti

Piblik: Pou yo fè konfitti

Tim: Èske, banm poze yon kesyon, èske eee si'w gen yon pyebwa mango sou tè pa'w nan lakou a, kounya li pou ou. Èske ou ka vann li?

Piblik: Wi

Tim: Kounya èske ou ka vann li? Kòmsi ou vann li nèt ou di ok sa pou lòt moun ?

Piblik: Non sa pa fèt

Tim: Li pa fèt ?

Piblik: Non

Tim : Ok, si ou gen yon jaden ou pran li

# 26: Wi

Tim : E eritaj, papa ou ba ou, kounya èske drew ka vin pran'l ladan?

#1: Wi, si se eritaj wi

Tim: Si ok, si yo achte te nan men papa'w? Èske frè yo pa ka mete men sou yo ankò?

#1: Non

Tim : Ok, men ou ka vann kòmsi yon bwa chenn?

# : Wi

Tim: Ou ka vann li tou vivan ?

Piblik: Wi

Tim: Yo konn vin achte?

#1: Wi, yo konn vin achte, gen oun ki achte.

Islande: Èske nou menm kila, nou konn vann pyebwa sa yo?

#1: Wi

Tim: Nou konn fè sa anpil?

#16: Bwa nou vann se bwa pou yo sèvi.

#26: Bwa chenn, bwa pou yo siye

Tim: Bwa pou siye?

#26: Yo siye, yo vin achte nan men nou, nou vann li

Tim: Men! Ou pa vann, ou pa vann?

Islande: Nimewo

#16: Nimewo 16

Tim: Humm

#16: Bwa nou vann, si nou gen yon chenn nan tè nou li rive nan yon nivo, li gentan gwo anpil li pap gwosi ankò kounya nou kapab avnn li avèk yon moun pou'l kapab siye. Gen sa ki rele chenn, gen sèd, chenn gen kajou, gen yon lòt bwa ki rele mawo bwa sa yo se yo menm yo plis itilize pou yo vann, men nou menm nou plante, nou konn plante yo tou pou kapab ede pou lè'n bezwen vann.

Tim: Nou plante sèd, akajou.

#16: Wi, Nou konn plante sèd, nou konn kajou, nou plante mawo, nou plante lorye pou nou kapab jwenn yo paske yo yo itil

Tim: e kalitis?

#16: Tout lòt yo, tout lòt yo itil tou. Nou plante kalitis lan tou .

Tim: Ok

Tim: Ou pa janm konn plante pyebwa pou'w fè chabon?

#16: Non, pyebwa chabon an ou pa bezwen plante'l li pouse pou kont li

Tim: Ok

Islande: Ki pyebwa nou itilize pou'n fè chabon?

#16: Pyebwa nou itilize pou fè chabon tankou chabon sa ou we kap fèt la, se yon pati gwo bwa la e tan kite rache yo ki rache yo nan lakou legliz la la. Tan te rache tout lage atè kounya yap fè chabon avè'l. Men, pyebwa nou plis itilize se pyebwa ki rele bayawonn

#26: Bwa'k pa bay fri

#16: kanpèch, gon lòt bwa ki rele lisena

#26: Lisena

### **30Minit**

#16: Lisena li menm yon kadè la li grandi li gentan gwo pyebwa, sa yo se pou sa yo

#3: Yo travay tè

#16: Depi'w travay tè a, fòk ou koupe'l pou'l soti nan tè a pouw kapab jwenn revni, paske siw pa retire'l nan tè a ou pap jwenn revni ladan'l nou oblige koupe yo lè yo lè'n travay yo nou fè chabon avè yo.

Tim: Ou pap jwenn retni?

Islande: Revni.

Tim: Revni, si'w kite'l sou tè a?

Islande: Wi

Tim: Poukisa?

#16: Lè'w travay li

#26: Pa egzanm nimewo 26 ?

#16: Lap Bay twòp lonbraj

#26: Pa egzanp bò isi a nou plante manyòk anpil, manyòk la pa sèvi a lonbraj ditou e solèy lal bezwen si'w kite pyebwa yo manyòk la pap grandi lap fè fil sèlman rasin nan pap gen anyen.

Tim: Kounya fòw pran yo jenn, fòw pran yo piti anvan yo bay twòp lonbraj

#26: Wi

Tim: Èske gen yon pyebwa nou pa vle wè, ou sot di ou pa vle wè yon gwo. Lisin li te ye ?

#16: Lisena

Tim: Lisena! Ou pa vle wè gwo lisena?

#16: Se pa vle nou pa vle wè'l non, lè nou travay te an

Tim: Li pa bon pou ou paske lap lap...

#16: Li bay top lonbraj ou koupe'l

Tim: Èske ou gen yon pyebwa ou jis pa vle wè ?

#3: wi

# 16: Non, non non

Islande: Non, sa ka chak moun

Marco: Ki nimewo'w

Islande: Ok, nimewo 3.

#3: lisena gaspiye nou anpil.

Tim: Pouki?

#3: Paske ou gendwa gon tè la ou bezwen'l pou'w fè yon bagay depi grenn lisena tonbe ladan li boukannen tè a nèt.

Tim: Ou paka retire'l?

#3: Non ou paka retire'l

Marco: Ok, sa vle di ou pa vle wè'l?

#3: Aaa, nou pa kwè nou vle'l

Islande: Ok, sa se pou li yon lòt moun ki pa renmen ki gon pyebwa. Ok nimewo 16.

#16: Nimewo 16, nou menm nou kapab di nap pale sou lisena a, nou kapab di ee nou bezwen'l pou mwen menm pou mwen menm nou bezwen'l paske'l moute tè a. On moman la depiw genyenl nan te a limoutel le fini lili itil nou pou be

Islande : Lè'w di li moute'l?

#26: Tè a vin gra tè a vin gen plis fètil

#16: Epi nou jwenn li pou kabrit manje'l

Islande : Lè'w di pou bèf ?

#1: Pou bèf manje'l, nou sèvi avè'l nou fè chabon avè'l tou

Islande: Èske sa konn rive gonw rive kalite bwa espesyal pou mete nan manch zouti, tankou nan manch pikwa, nan manchèt èske gon kalite bwa?

Enhen nimewo16

#16: Nou mete bwa zoranj.

Islande: fèy zoranj. Non non, bwa zoranj ?

#16: Bwa zoranj nou mete nan machèt la

Islande: Nan manchète, e pou pikwa, zewo 1?

#1: Sapotiye nou plis mete nan manch pikwa yo

Islande: E pou eee pens ? An, non pens pa bezwen non. Dam, dam?

#16: Nenpòt bwa

#1: sapotiye a toujou

Islande: sapotiye a toujou nou pa konn sèvi ak lòt bwa ankò? Tankou ki ka?

#1: Kalbas.

Islande: Kalbas pandan nap pale de kalbas, kisa nou fè avèk pye kalbas ?

Humm

#16: Pye kalbas nou te konn genyen'l nou te konn genyen'l anpil nou te konn itil tankou lè nou bezwen kwi, nou koupe nou jwenn kalbas la nou koupe'l nou fè kwi nou sèvi avè a avèk kwi a tankou lontan moun yo te konn renmen tranpe vyann nan kwi epi siw gen yon lòt bagay pou'w pouse pou'w mete ou ka mete'l nan pou konsève yo mete'l nan kwi.

#26: Yo te konn itilize kalbas la tou pou'w fè vesò dlo

#1: Lontan.

#26: Lontan yo te konn itilize kalbas la yo fon ti bouch ladan yo netwaye'l, gon bagay yo ratre anndan'l ki rele gratwa yo grate anndan'l byen grate epi yo mete dlo nan kalbas. Galon an lè'w met a dlo ladan li ka cho, kalbas la kenbe dlo a byen fre li menm

Islande: E kounya ?

#26: Kounya e plis kwi yo itilize, gen moun ki itilize'l wi

#3: Yo pa tèlman itilize'l

#26: Paske gen moun ki toujou renmen kwi ki itilize'l, men kalbas yo pa tèlman itilize ankò

Marco: Èske sa konn rive pou nou gen yon pyebwa ki fè fri, enpi pou nou fè chabon avè'l ?

#26: Non, sil mouri

#3: Sil mouri

Islande: Nimewo 15, nimewo 15

#3: sil mouri

Islande: Èske sa konn rive'w ou gon pye

#3: Sil mouri

Tim: Sil mouri

#3: Wi

#3: Ou gendwa gon pyebwa la pye mango a itil ou, kounya la ou paka rale'l pou koupe'l pou fè chabon.

Marco: Ki nimewo'w ye ?

Tim: 3

Marco: Nimewo3

Islande: Apresa map poze nimewo 15 menm kesyon an?

#3: Pou'm ta gon pye mango nan bitasyon'm m'gen ptit mgen tet mwen pou'm tal koupe pye mango sa pou'm fè chabon

Marco: Ok, men èske sa pakò rive'w ? Pou'w gon ijans pral gen lekòl, enpi'w gon ijans enpiw oblige. Èske sa pakò rive'w?

#3: Epa sou pye mango sa a

Marco: En ?

#3: E pa sou pye mango sa a

Islande: Ok, nimewo 15 ?

Islande: Kòm ou pa gen timoun gen kèk okipasyon ki pa ki pa sou tèt ou. Èske sa pa konn rive'w pou'w koupe yon pye fri pou'w fè chabon?

#15: Non, pou'm ta koupe'l sèl sil ta mouri

Islande: E ou menm ki Nimewo'w?

#40: Nimewo 40

Islande: 41.

#41: Tankou sim gon pou'm koupe'l ? Tankou sim gon pye fri kap donnen kap banm tout avantaj mwen paka koupe'l pou'm al mete'l nan chabon

Islande: Ki kalite pyebwa ou konn fè chabon?

#41: Sa vle di lisena, ni kanpèch, barawonn, lòt pyebwa ki pa rann pou nou jwenn nouriti ladan

## 35 Minit

Islande: An ok

#41: Wi.

Tim: Ebyen, èske gen yon lè'w fè chabon an, ki pi plis?

#2: Pa genlè

Tim: Se tout lè?

Piblik: Tout lè

Marco: men èske pa gon lè jeneralman ?

#41: Pi souvan tankou lè nou fè plis, tankou gon epòk nou gendwa travay plis tankou lè nou ap fè jaden mayòk lè sa plis moun travay tankou janvye, fevriye, mas anpil moun travay si moun nan travay kote'l travay la chak jaden sa yo e kote'k gen bwa pou fè chabon, e lè sa lap gen chabon an plis

Marco: An ok, men konn gen sezon tout moun nèt ap fè chabon, tout moun nèt gen chabon.

#41: Non, lè yo genyen'l la, si tout moun travay menm lè se kòmsi yo vin gen bwa atè menm lè sak ka koz [Tim touse] yo kapab fè chabon menm lè

Marco: Sa vle di tout mwa yo nèt toujou gen chabon?

#41: Non, epa tout mwa

Piblik: Chabon an fèt tout lè

Tim: Ok, gade imajine, imanjine ou koupe cha, ou gen yon chanm ou koupe chabon an souli. Lèw fin retire'l ou koupe bwa la kounya lew fin retire'l kisa ou fè ak tè sa? Jis kite'l konsa.

#26: Nou boule fatra yo nou fè jaden ladan yo.

Tim: Ou fè jaden?

#2: Wi, nou fè jaden.

Tim: Ou boule fatra ?

Piblik: Wi

Tim: Ou fè ja, kisa'w plante?

Piblik: Manyòk, patat, mayi, pwa, pistach, tout bagay

Tim: Manyòk.

#2: Wi

Marco : Èske sa konn rive, gen moun nan nou menm la ki konn achte janm te ka di sa yon plenn bwa tankou pou yo fè chabon ?

Islande: ,yon rak bwa

Marco: Pou fè chabon?

#41: Non nou ka achte bwa atè anpil bwa atè a.

Tim: Men'w pa achte, ou pa di kòmsi m'bezwèn achte rak bwa sa a?

Piblik: Non!

#41: Non, tankou si moun nan travay tè a ou gen pil bwa pakèt bwa atè a pou'w achte

Islande: Eee nimewo 15, èske ou pa konn achte rak bwa pou'w fè chabon ?

#15: Non!

Islande: Kisa'w...Kouman'w fè chabon?

#15: Mal nan tè papa'm ak manman'm, m'koupe bwa pou'm fè chabon

Tim: Nan tè pa nou?

#15: Wi

Tim: Banm banm, banm tounen sou kesyon la ok, sa,ou ou taye bwa ou fè chabon, ou plante jaden kounya lè'w rekòlte jaden se.... Bwa gentan pouse ankò ?

Piblik: li repouse

Tim: Li repouse

Piblik: Wi

Tim: Li kòmsi repouse ankò epi kiyès ki rete ankò de jaden wap re touswit wap rekòlte pwa, melon. Men, gen bagay kòmsi manyòk li dire pi lontan?

#26: Wi

Tim: Lap leve avèk bwa menm ?

#2: Wi, apresa yo resakle jaden an, yo sekle jaden an pou retire bwa kap boujonnen ladan'l pandan rekòt la pako pare. Apresa lè rekòt la fin pare ou rekòlter'l, jaden an repouse ankò

Islande: Banm poze nou yon ti kesyon. Konbyen tan ou pran pou pou rekòlte ee manyòk, nimewo 3 ?

#3: 1 an.

Islande: 1 an, alò nou fè 1 nan nan tè sa nou pa.

Tim: Konbyen tan ou fè pou...

Islande: Chak konbyen tan nou fè manyòk nan yon jaden?

#3: Depiw fin travay tè a, a tè a

Tim: Apre 1 an ou fn rekòl

#16: Ane a la ou fin travay tè a, ou gendwa kite'l fè nenpòt 6 an ankò.

Islande: Ebyen sou kisa'w manje ?

#3: Ou travay lòt kote.

#2: Lòt kote.

Tim: Ok, tann, tann mwen.

#3: Kote'w te travay ane sa, depi e manyòk saw te plante saw te travay ou pa retravay li ankò wal travay lòt kote tè a anpil, depil anpil ou travay moso la nan ane sa a, lòt ane ou ou wavanse.

Islande: An, bon'm konprann. Alò ou taye yon ti bout rès bout la yo gen bwa. kounya tan'k wap avanse wap koupe bwa wap plante?

#3: Wi

Islande: Apresa kounya'w toujou gen bwa, ou toujou gen manyòk?

#3: Wi

Tim: Ok, men bwa sa li pap bon pou yon lòt si ou paka koupe bwa souli ankò pou yon lòt 5, 6an, ?

Piblik: Wi!

Tim: Lap pran tout tan sa pou bwa repouse ankò?

Piblik: Lap getan gen anpil.

Islande: Men l sa tou fòk moun nan gen anpil jaden pou'l ta ka fè sa.

#16: Wi

Islande: Se tankoun ta diw tim, yo divize jaden an an plizyè pati. Yo fè yo fè Tankou'm ta diw 6 pati. Premye pati a yo plante mayòk, rès la gen bwa kounya le yo bezwen plante nan dezyèm nan. Premye a gen bwa rès yo gen bwa men dezyèm nan plante manyòk. K

ouna la apresa yo fè twazyèm pati a plante manyòk, 2 premye a yo gen bwa, 2 dènye yo gen bwa. (Ainsi de suite) kounya bout devan wap toujou jwenn bwa ladan'l nan 3, 4 an pou'w koupe ankò

Tim: Ok, èske gen yon nimewo pou toujou bat pou'w koupe jaden an nan 6 pa yon bagay konsa oubyen li jis kantite ou genyen an?

#26: Saw genyen

Tim: Saw genyen

#26: Sa depa de saw genyen. Gen moun ki gen tè nenpòt 3,4,5 kote, sa vle di ou gendwa fè 10an ou te travay nan yon tè ou pa janm tounen ladanl ankò wi. Sa depa kantite chak moun genyen an

Tim: Kounya ki kantite pi fò moun isi gen, ka genyen? Yon kawo, 2 kawo?

## 40 Minit

Islande: Wi, ann kòmanse pa nimewo.

Tim: Ki nimewo? Li pako gen nimewo [ri] ?

Piblik: Non, nou pa genyen

Islande: Nimewo 1.

Tim: Nimewo 1. Konbyen tè moun mwayen, nmyon moun ka genyen bò isit?

#1: Non chak moun nan limit yo ka genyen kantite pam, yon lòt ka genyen kantite pal.

Tim: Ok, plis ou mwens?

Islande: Pou ou menm?

#1: Pou mwen menm mwen gen demi kawo

Tim: Ou gen demi kawo. Men èskew gen timoun ?

#1: Wi

Tim: Konbyen timoun ou genyen?

#1: Mwen gen 5 timoun.

Tim: O? Ou sanble twò jenn pou sa men'n ?

Islande: 38 an

Tim: [ri] Aaa, ok epi ou menm isit, konbyen kawo tè ou genyen konbyen kawo ?

Marco: Nimewo 5

Islande: Nimewo 5

Tim: Konbyen kawo, konbyen tè ou genyen?

#5: 2 kawo

Tim: Ou gen 2 kawo epi nimewo 20?

Marco: Nimewo 10

Tim: Konbyen kawo tè nou genyen ?

#10: 2 kawo.

Tim: Pou ou menm menm oubyen ?

#10: Pou mari'm.

Tim: Pou mari'w avèk ou

#10: Wi

Tim: Èske'w gen tè eritaj paw pèsonèlman epi mari'w gen tè eritaj tou?

#10: Li gen pal li achte

Tim: Li gen pal li achte ?

#10: Wi

Tim: Ok, lè'n mete ansanm nou gen 2 kawo tè oubyen wap mete pa'w apa?

#10: Pa eritaj pa ladan'l

Tim: Eritaj pa ladan'l, lap di sa li genyen ak mari li, men eritaj ou gendwa atè sa a? Tè eritaj al èskew konn fè jaden sou li?

#10: Wi

Tim: Men ou pa fè'l avèk mari'w?

#10: Wil fè wi, li travay li

Tim: Men ou pa konte'l nan bagay la? Men ok, e ou menm kii nimewo'w ankò?

#26: 26

Tim: 26. Konbyen tè nou genyen?

#26: Demi, demi kawo konsa, eritaj pa ladan'l, eritaj pa ladan'l

Tim: Eritaj pa'w pa ladan'l?

#26: Eritaj pam, eritaj pa mari'm pa ladan'l

Tim: Eee, mari'w gen eritaj pa li sa pa ladan'l tou?

#26: Wi!

Tim: Kounya ou jis ap pale de sa ou menm ak mari'w genyen sa nou achte ansanm ?

#26: Wi

Tim: Ok, ki nimewo'w genyen?

Islande: Nimewo 5

#10: 10

#10: Mwen gen demi kawo tè mwen achte avèk mari'm

Tim: Avèk mari'w, apresa ou gen eritaj pa'w ?

#26: Mwen gen eritaj pam, mari'm gen gran eritaj

Tim: Ok, koulye siw bezwen yon moun pou'w, ou ki travay sou eritaj pa'w?

#10: Wi

Tim: Ou menm menm

#10: E pa mwen non mwen pa travay, marim ki travay

Tim: Mari'w ou voye travay?

#10: Mari'm ki travay.

Tim: Ok, lè mari'w nan eritaj pa li, si li plante jaden èske rekòt sa pa pou ou?

#10: Wi!

Tim: Men li sou eritaj pali?

#10: wi!

Tim : Se konsa li ye pou nou tout?

#10: Wi

Tim: Men sou eritaj paw li pou ou tou?

#10: Li travay sou eritaj pam.

Tim: Lap travay pou ou, tout rekòt se pou ou?

#10: Pou nou, pou nou.

Tim: Pou ou pou nou, men ou pran responsabilite rekòt sa ?

#5: Kòman?

Tim: Kòm dam, kom fanm ou pran re...?

#10: Wi

Tim: Ok

Islande: E kòmsi mari'w plante, ou menm ou rekòlte ?

#5: Wi, wi

Tim: Ok, epi ou menm ki nimewo'w ?

#19: 19

Tim: Konbyen tè nou gen ansanm? Ou mari, ou gen mari ?

#19: Non!

Tim: Ebyen ou jenn, ou pokou kay manman'w?

#19: Mwen kay manman'm ak papa'm

Tim: Ok

Islande: Men èskew gen tè?

#19: Non m'poko genyen

Tim: Manman'w konbyen tè li genyen ?

#19: Manman'm gen yon kawo tè

Tim: On kawo?

#19: Wi

Tim: Ok, Ansanm avèk papa'w ?

#19: A papa'm

Tim: Apresa yo tout 2 gen tè pa yo a pa?

Piblik : Papa'w pa gen ankò li mouri

#5: Papa'l mouri

Tim: Epi ou menm 17

#17: Demi kawo'm genyen

Tim: Avèk mari'w

#17: Non, pou kòm

Tim: Pou kòw

#17: Wi

Tim: Kounye a...

Islande: Ou pa gen mari ?

#17: Non misye a pòtoprens

Tim : Misye pòtoprens. Men, apresa ou gen tè eritaj tou?

#17: Non, lè konsa te manman'm a te papa'm genyen?

#26 : Ebyen e pa lik tè eritaj la

#17: An, wi

Tim: Ok, Li nan men manman'w ak papa'w toujou?

#17: Wi, li nan men yo

Tim : Men lè manman'w ak papa'w mouri wap gen yon pa?

#17 : Pou mwen

Tim: Pou ou lye?

#17 Wi, menm avèk frèm

Tim: Kounye wap fè sa ou vle avè'l, wap divize'l ?

#17: Wi

Tim: Lè sa wap divize'l ?

#17: Wi

Tim: Epi lè sa w ka fè saw vle ?

#17: Wi

Tim: Kijan wap divize'l? Kijan wap deside ki pa wap pran ? Wap negosye sa avèk yo?

#17: Wi, avèk frèm nan, si tankou li tap vann mwen pal la kòm li pa isit, map achte'l. Oubyen sil pap vann mwen li se travay nap travay li, nou fè jaden an si se bannann nan nou ka voye pou li, oubyen vann voye lajan pou li konsa nap fè'l.

Tim: Ok, epi 3 ?

#3: [Tim grate goj li] E ti piti mwen ye wi, demi ti kawo'm genyen wi [ri]

Tim: Demi tikawo, epi ou genyen, sa se avèk madanm ou?

Islande: Demi ka kawo?

Piblik: On ka kawo, demi kawo

Tim: Avèk madanm ou?

#3: Wi.

Tim: Apresa ou gen tè apa? Ou gen eritaj?

#3: Papam gen ti piti tou wi, m'viv ladan yo.

Tim: Ok

Islande: Ebyen e tè eritaj la wi.

Tim: Epi ou menm ou gen, konbyen tè ou nou genyen?

#3: Demi kawo.

Tim: Avèk mariw oubyen?

#3: Wi.

Tim: Apresa ou gen eritaj ou apa?

#3: Non

Tim: Ok, e 15?

## 45 Minit

#15: Mwen pa gen tè non

Tim: Ou poko nan tè, ou sou kont paran'w ?

#15: Wi

Tim: E ou menm ?

#15: Mwen gen demi kawo

Tim: Ou di ou pa gen mari

#15: Non

Tim: Ou gen demi kawo pou ou achtew, achtel?

#15: Non m'pa achtel sa vle di se eritaj li ye

Tim: Eritaj li ye ok. Se saw genyen ?

#15: Wi.

Piblik: Kot sa mari'w genyen an ...[ri]

Tim: Sou paran toujou, men li pa ba yo tè pou travay?

#15: Non tè a la sa vle di sim bezwen fon jaden m'pa gen pwoblèm, m'ka antre m'fon jaden

Tim: Ok, ou pa gen nimewo ?

Islande: Non nou fini. M'ta renmen tounen sou nimewo 15 lan ankò m'konnen'l fè, li konn koupe bwa pou'l fè chabon. Sou kantite tè ou konn koupe bwa pouw fè chabon konsa?

#15: M'ka al koupe selon pa egzamp, selon tè moun lakay moun lakay mwen genyen an, m'gendwa chwazi al koupe bwa sou yon demi kawo tè

Marco: Demi.

Islande: Èske le sa a gen moun kal avèw, oubyen sèl ou k'ale pou kòw?

#15: Non, mwen k'ale pou kòm

Islande: Ou kite bwa nan tè a pou'w fè chabon an oubyen wal fèl yon lòt kote?

#15: Non, bwam koupe nan tè a m'fè chabon avel

Islande: Èske se nan tè a oubyen yon lòt kote wal fè chabon an?

#15: Non, nan tè a wi.

Tim: Nan tè a menm ?

Islande: Èske gen, nou pa konn tandé slogan sa a bò isi a. chabon zepòl?

#17: Chabon zepòl, wi nou konn tandé'l wi.

Islande: Kouman yo fèl bò isi a?

#17: Nou pote'l sou do.

#17: Moun nan chak kote'l pase li pote yon bout bwa, chak kote'l jwenn yon bout bwa lal avè'l lal anpile'l yon kote eee

#15: Chak bwa'l jwenn li pran'l

Piblik: Chak kote jwenn yon bout bwa li pran'l li depoze'l jiskaske'l fon pil

Marco: Pa gen tè leta bò isi a ?

#17: Non

Tim: Èske sa bon ? Wap kritike moun ki fè sa ?

#17: Chabon zepòl la?

Tim: Wi

#17 : M'pa fi'n wè'l tou.

Marco: Ou pa renmen'l ?

#17: M'pa fi'n renmen'l

#3: Chabon zepòl la li menm, li li li banm pwoblèm wi

Islande : Nimewo 3

#3: Li banm pwoblèm wi

#3: Mwen men sim ta gen yon bout bwa pou'm ta fè ti travay mwen lakay mwen pou piti mw, yon moun pase nan bitasyon an li koupe'l, mwen menm li banm pwoblèm wi

Marco: Chabon zepòl la baw pwoblèm?

#3: Wi li banm pwoblèm m'ta fè edikasyon pitit mw avèk bout bwa,mwen ta koupe'l poum fè chabon an, moun nan pase menm li pran'l, Li pa banm pwoblèm?

Marco: Humm

Islande: Ebyen siw jwenn yon moun kap pran bwa nan tè'w, kisa wap fè moun sa?

#3: Map fèl opsèvasyon m'dil non pa vin ankò

Islande: Èske sa konn rive'n nou jwenn moun nan tè'n kap koupe bwa?

#16: Wi yo toujou fèl

Islande: Nimewo 16, kisa'w konn fè nan lè sa ?

#16: Mwen menm gon te mwen menm mwen gon te pa lòtbò sa la mal ladan la mwen pa ale souvan, lèm rive mwen jwenn yo koupe yon kantite ladan yal fè chabon. Moun Nan bote'l lal lakay lil fè chabon.

Marco: Ki donk ou pako janm jwenn moun nan?

#16: Mwen jwenn li.

Tim: Kisa'w fè'l?

#16: Okontré m'we chabon an m'tal mandel achte epoutan bwa a mwen[ri]

Tim: Ki repons li ba ou?

#16: Li te dim chabon an e 6odola sak la, menm potko konnsi e chabon'm li ye e lè'm vi al gade

Piblik: [ri]

#16: M'pat konnen si e bwam lye e vin al gade m'mande nan zòn nan yo dim e eleman ki...

Marco: Kisa'w fè misye?

#16: Mwen pafè'l anyen

Tim: Kisa li fè li peye chabon an?

#16: Non mwen bal vag

Marco: Ou pa achte'l ankò ?

#16: Non

Tim: Ou Pat rele'l jistis,ou pat dil... ?

#16: Non

#3: Gen de moun tou, gen de moun tou [Timgrate gòj li] Gen de moun tou ki koupe yon bout bwa nan te'w wal fel peyew demen si dye vle ou peye sa tou wi.

Islande: Kouman?

Marco: Nan ki fason ?

#3: Ou peye sa paske moun sa ponyèt ponike podyab pou al pran yon goud nan men'l

Islande: Alò e nesesite ki fèl al pran yon bout nan tè'w la on bout bwa?

#3: Wi, wi

Islande: Wi nimewo 20 ou tap di yon bagay wi yo konn pran pou ou tou?

#20: Wi

#1: Moun nan ale nan jaden an li pase nenpòt sal bezwen li pran

#16: Sonw mizè nap pase

#1: bannann nan te ladan yon zanmi pase'l pran'l

Islande: An, on zanmi pase li pran bannann nan?

Piblik : Aa, wi [ri]

Tim: Men, èske konn ou gen misti, mistè nan nan ?

Islande: Nan sou pyebwa yo?

Tim: Nan sou pyebwa, èske konn gen pyebwa ki gen mistè?

#1 : Mistè

#26: Tankou, tankou lè yo pale bagay bagay fòs

Marco: Lwa, lwa?

#26: Wi nou tande'l

Marco: Èske nou tande'l

Tim: Nou pa genyen

Marco: Èske pa gen kèk moun nan zòn nan ki gen pyebwa

#26: Nou tande'l, sa vle di nou menm nan e kwayans pa nou oubyen nan nan fason nou bagay nou pa sèvi nan bagay sa yo nou pa konn anyen de yo. Men nou tande yo

Tim: Nou levanjil?

#26: Nou tande yo

.

Tim: Nou tout levanjil

Islande: Èske'n pa konn tande yo di nan zòn nan, koute ? Èske'n pa konn tande nan zòn nan yo di pyebwa sa pa gen moun ki ka koupe'l?

#26: Wi, nou konn tande'l, nou konn tande'l, wi gensa. Wi, nou konn tande'l wi nou tande'l

Islande: Ki kalite pyebwa li konn ye konsa?

#26: Anpil fwa e kalbas, anpil fwa wi anpil fwa e pye kalbas

Tim: Kalbas. Ki nimewo'w?

#26: 26

Tim: 26

Islande: Kalbas, kenèp a kisa ankò?

#26: Tamaren, figye.

Islande: Tamaren, figye, an gen anpil tamaren bo isi a tou?

#20: E pye gomye?

Islande: Pa gen mapou bò isi a?

Tim: Gomye

#20: Gen mapou.

#17: Gen mapou.

Tim: Gonmye konn genyen?

#20: wi

## 50 Minit

#16: Gen mapou sou zòn rivyè a

Tim: Wi, 16

#16: Wi, sou zòn rivyè agen mapou

Islande : Hum

Tim: Mapou ki genyen ?

#16: Mapou bwa sa yo se bwa ki sèvi a bagay mistè

Marco: Nimewo 16, èske sa konn rive pou arive koupe yon pyebwa, yo di ki gen lwa ladan'l?

#16: Gen moun ki konn koupe'l

Marco: Non, èske ou menm ou konn arive koupe youn?

#16: Non mwen pa konn fè jan de bagay sa yo.

Marco: Enben ok

Tim: Ou pa konn fe chabon ? Yo pa konn bay...Gen moun ki spesyalize komsi ou menm ou spesyalize nan chabon se sa yo fe . Komsí si ou pakonn voye moun sou te'woubyen bay ou menm eskew pa konn voye moun ba yo djob?

#16: Non

Islande : Ou pa konn bay moun fè chabon pou ou?

#16 : Sof si, sof si mwen on travay te a, lem travay tè a m'gendwa bay moun fè chabon an pou mwen.

#26 : Ebyen se sa yo diw la wi

Marco: Ou fè chabon'w ?

Tim: Epi ou rele yon moun ki spesyalize nan sa oubyen anpil moun spesyalize nan sa? Gen bòs chabon ?

#26: Gen anpil moun ki konn fè chabon.

Islande: Anpil moun konn fè chabon, èske nenpot moun la ka deside pou yo fè chabon?

#1: Wi

#20: Depi'l konn fè'l

#26: Gen anpil moun ki ka fè chabon

Tim: Èske kenpòt moun ka fè'l?

#26: Nenpòt moun ka fè chabon

Tim : Èske nenpòt moun ka fè?

Piblik: Wi

Tim: Èske nenpòt moun ka deside yo pral siye bwa?

#16: Non

#26: Non

Tim: Sa se bagay afè bos

Piblik: Wi

Islande: Èske nenpòt moun ka deside pou yo fè chabon?

#16: Wi

#26: Wi, chabon an fasil

Islande: Ou ka fè chabon?

Islande: Ou konn fè chabon

#20: Non

Islande: Ou konn fè chabon nimewo 26?

#26: Non, m'pa konn fè

Tim: Poukisa ?

#26: Non, sa pa domèn mwenm'pa fè'l

Tim: Koz li sal

Islande: Ou wè gen moun

Tim: ou wè li sal

Islande: ki gen domèn pou fè chabon?

#26: Men si yo banm bwa m'vle moute'l map moute'l

Islande: Èske gon'w jan pou moute'l ?

Tim: Si'w fè Kisa ?

#26: M'wè kòman yo mete bwa yo, m'wè kòman yo moute'l, si yo banm, si yo dim monte'l m'ka moute'l wi

Tim: Èskew konn vann li?

#26: Non, m'pa konn al vann

Tim: Ou konn vann ni ?

#26: M'pa machann

Tim: Nou pa konn voye sak ale vann?

#26: M'pa konn fèl

Islande: Èske pa gen moun la, nou vann bwa?

#20: Wi nou konn vann bwa wi

Islande: Ok, kouman'w vann bwa?

#20: Ou jwenn moun kap fè chabon, moun kap fè chabon an kounya ou vann li bwa

Tim: Ou vann bwa avèk ?

Islande : On bwa oubyen yon pil bwa ?

#17: Ou fè pri avèk yon moun ki konn fè chabon epi ou vann li

Tim: Yon ok, kantite bwa pou'w fè yon sak chabon kon pou konbyen li vann?

Piblik: Nou pa gen mezi, an gwo nou vann, nou pa vann konsa

#3: An gwo nou vann li, si se pou yon sak petèt nou ka vann li a 25 dola men li pa vann pa yon sak

Tim: Ok, men ou tap estime sa a, ki kantite pou fè yon sak kap 25 dola?

#3: Wi

Tim: Ou tap di sa, ou tap di sa vre?

#3: Non

#3: Nou nou pa janm fonksyone bagay sa konsa

Islande: Kouman nou konn fè ?

#3: Nou, nou toujou travay tè a epi si li gentan nou travay tè a

Tim: 3 ?

#3: Nou travay tè a, nou sanble bwa epi nou fè pyebwa a tè a, men nou pa konn

Tim: Men nou pa konn achte bwa, men madam nan di li konn vann bwa pou fè chabon?

#3: Wi

Tim: Kounya ou te achte tout bwa sou tè a nan men li?

#3: Wi, m'te ka achte bwa nan menl

Tim: Ou taye'l oubyen ou ou?

#26: Li deja koupe atè

Islande: Yo gendwa koupe atè

Tim : Kounya ou pransa wal fè pri pou bwa li genyen an?

#3 : Wi

Tim: Men, èske pa gen yon mezi bwa komsí ?

#3: Non

Tim: Kòmsi yon lo bwa ?

#3: Non

Tim: Pa gen mezi sa yo ou jis toujou ap fe pri?

#26: Hum, hum, selon kantite a

Tim: Kijan yo mezire kantite?

#26: Selon pil ou mete a, sou'w wè, sil soti la rive la li gen yon pri pal, sil soti bò pòt sa a poul rive konsa li gen yon lòt pri.

Tim: Pa gen mezi, kòmsi pa gen mezi yon bra bwa ?

#26 : Non, non

Islande: Chak moun fè'm fè pri a daprè yo menm.

#26: Dapre li menm

Tim: [Tim grate gòj li]

Islande: Men kounya la, men kisa'm vle konprann. E konbyen nou vann sak chabon an nan zòn nan?

#26: Gwo sak la m'konn wè gen pafwa'l 250 goud, gen pafwal 300 goud e konsa'm konn tande

Tim: 50 dola, 60 dola

Islande: Èske nou gen machin ki konn vin pran chabon an la pou yal vann li, ki kote yo konn al vann li ?

#26: Machin ki konn al pòtoprens, machann yo konn vin pranl la.

Islande: Gen machann ki konn vin pranl la?

#26: Gen machann kachte'l

Islande: Lè machann yo pranl la, a konbyen yo pran'l? Machin konn vin pran'l la

#26: Machann nan achtel,li anpilel nan yon pwent nan zon nan kanmem epi machin menm vin pranl pou al potoprens.

Islande: Èske gen moun ki konn fe eee komes sa a?

#15: Nan zòn nan?

#26: Achte chabon nan zòn nan pou al pòtoprens, oubyen achte chabon nan zòn nan pou al revann ?

Piblik: Wi, wi genyen'l

#26: Wi.

Islande: Gen moun nan nou la?

#26: Non, pa genyen nan nou la

Islande: Ebyen nou pa konn, men yon sak chabon nou pa konn vann ditou nou menm?

#26 : Ebyen esam diw wi 50 dola 300 goud, 50, 60 dola.

Islande: An, ok

#15: E lo chabon yo vann

Tim: Men, nou pa konn ...

Islande: E lo chabon nou vann?

#26: lo a gen 10 sak.

Islande: Konbyen lo a vann?

#26: 10 sak la pafwa 400, 500, 600 dola tou

#15: Li dwa 700, 800 dola

#26: Sa depan'n, gen de pafwa'l pi chè

Islande: Nan ki epok chabon an

#26: Aktyèlman la li...

Islande: Vann pichè?

#26: Aktyèlman la li 700 dola lo a

Tim: Men ou di ou pa konn al pòtoprens ave li ?

#26: Non, m'pa konn al vann chabon pòtoprens.

Tim: Pa gen moun ki konn al pòtoprens avè'l ?

#20: Non

Islande: Pa gen moun ki konn al pòtoprens

#26: Nou konn al pòtoprens, men nou pa konn al vann chabon.

Islande: Nou pa konn al pòtoprens avek chabon?

#15: Nou vann li isi.

Islande: Men nou vann lo isi?

#15: Wi

Islande: Konbyen'w vann lo a?

#15: M'te konn vann 550, 600.

Islande: Enhen, e kounya?

#15: Aaa, kounya'm po...Kounya'm fon kanpe sou chabon an

Piblik: Nou konn konbyen'l vann,di konbyenl vann.

#15: Kounya e 700 dola chabon vann.

Islande: Nimewo 15! 700 dola'l vann?

#15: Wi

Islande: Ok, men sa ki fè pri chabon gende fwa li ogmante, sa ki fè gende fwa li bese?

#16: Nimewo 16

Islande: Enhen

#16: Rezon ki konn fè pri chabon monte, le lekòl tankou gen lekòl chabon an moute, paske le maten tout moun bezwen chabon an pou fè manje pou voye timoun lekòl, men depyi lekòl vin fèmen kounya tout moun pa nan fè manje maten yo gen dwa bay timoun yo yon lòt bagay yo pa sèvi avèk chabon an. Depi lekòl la fèmen chabon an fon an bès.

Islande : A vle di lè vakans?

#16: Men pou le moman kounya ki fè chabon an vin moute, se paske tan pase li kraze mezi bwa vin manke bwa pou yo fè chabon.

Islande : Ok, èske sa pa konn rive nou vann bwa nan fou pou fè pen?

#3 : Bò isi a pa...

Islande: Èske nou pa konn gen moun ki vin pran bwa nan men nou pou al lavil la pou mete nan dray?

#16: Non.

Marco: Nou pa wè'n gen yon kesyon nou pa poze?

Nimewo 16: M'pa si.

Marco: Nou pa si sa, nou pa gen anyen nou tap di tou? Kenpòt nan nou ka poze kèk kesyon.

Tim: Oubyen yon bagay ou santi ke nou dwe konnen de pyebwa kòmsi eee nou pale de maladi ?

#26: Wi nou pale nou te pale anpil de maladi a

Tim : Èske gen yon lòt bagay ou santi ka enpòtan ke nou pa konnen, paske nou pral rekòmandasyon si yo fè entèvensyon nan pyebwa.

#16: Men sa nou ta bezwen.

Marco: Nimewo 16.

#16: Nimewo 16, nou vin pèdi majorite pyebwa ke nou genyen, eee kòm nou vin fè entèvyou sa avèk nou, [Tim grate gòj li] Nou menm nou ta vle, èske nou pa ka fè demand pou afè pyebwa ?

Tim: Nou menm?

#16: Wi

Tim: Wi, wi se sa men se sa nou fè menm, nou pa konnen si yap bay men'n se sa nou fè nou nap bay rekòmadasyon.

#16 : Nou menm nou vin we nou manke pyebwa, nou tap mande koman nou teka, èske nou pa ta ka ede nou nan fason sa pou nou te kapab rebwaze zòn nan ankò paske nou pèdi pye sitwon nou, nou pèdi pye zaboka'n, nou pèdi pye mango.

Tim: Men èske? Ok, banm poze ou yon kesyon, on kesyon èskew pa ka fè yon pepinyè ou menm menm?

#16: Nou konn fè pepinyè

Tim: Men, poukisa'w tap bezwen nou?

#16: Nou konn fèl

#26: Pafwa nou manke eksperyans

#16: Gen, gen moun ki gen plis eksperyans ladan'l ke nou menm, paske gen moun ki etidye pousta menm, pafwa nou menm, nou menm nou plis pran'l konsa nou plante'l, men moun ki gen eksperyans ladan [Yon ti bebe kap kriye] Li gen fason li pwouve plant lan

Tim: Ok

#16: Epyi gen fason sa e bagay li gendwa mete ladan li ke nou menm nou pa konprann

Tim: Ok, men sa vle di yon pepinyè men pèmèt yon fòmasyon nan ekspè pyebwa?

#26: Pafwa

Tim: Se pa sa, ou mèt pale wi

#17: defwa nou gendwa pran plant lan nou selman mete'l kouve poun al plante'l, poutan plant lan gendwa gon maladi nou pat konnen pou'n te trete'l, men moun li menm etidye, ki ekspetize nan branch lan, nan domèn nan ki konnen kòman poul fèl lap trete plant lan nòmalman avan li metel kote'l pral mete'l poul fè pepinyè a lè sa. Nou menm nou gendwa fèl nou plantel li mouri ki donk li te getan gon on on parazit ki te getan atake'l, men lè moun nan li menm li konnen sa lap fè a li vini li tou prepare'l li ba ou li lè sa li pi bon pa ris ladan

Tim : Dakò, ok

#1: Epi'm gen yon kesyon, pou'n fè pepinyè a tou nou menm, nou pa gen bon bwa pou nou ta fè pepinye a tou nou vin manke gress bwa

Tim: Nou manke gress bwa ?

#1: Paske pa gen pyebwa, pa gen

Islande: Semans

#1: Semans vin pa gen semans

Tim: Dakò

#1: Paske tan an kraze tout pyebwa yo

Tim: Dakò, men ou te ka al achte fri nan mache, non ? Epi'w pran semans nan fri a

#3: Wi, si'n achte yon papay nou itilize gress yo

Marco: Men èske nou te gen yon gran pepinyè bò isi a?

Piblik: Non

Tim: pat janm genyen?

Piblik: Non

Tim: Pat janm genyen, jamen . Nan lavi'w pat janm gen pepinyè isit?

#26: Pat genyen

Tim: Non

Tim: Ni EKS/EPER? Kiyès kap travay ak nou ?

Piblik : Wounou, wounou. Non, tankou nou genyen yon pepinyè yo te konn pot semans pou nou , nou te gen yon pepinyè e pat bò isi a e te anba a, gen de pafwa'l konn pot semans

Tim: Nou te konn al achte la a ?

#1: Ete anba larivyè'k te genyen'l pat genyen'l anwo isi

#16: Siw ta byen gade la a, sa se Valery pyebwa sa

#26: pyebwa sa yo

#16: Se Valery ki te pote yo

#26: Tout pyebwa sa

#16: Pyebwa sa ou wè la

Tim: Valery ?

#26: Se Valery ki te met ansanm a EPER, EPER

Islande: Valery EPER

Tim: An, Valery se yon blan?

Islande: Enhen

#16: Wi, li te pote sèd, li te pote zaboka, li te pote yo te plante men te vin gen gran solèy kite pase epyi menm lòt yo mouri, men gen kèlke pye ki rete pouse nan sal te pote yo. Lè lè lè nou jwenn yon òganizasyon ki ban nou plant nou toujou pranl nou plante

Tim: Gen lòt bagay?

#26: Humm, yon kesyon map poze wi ? Ou mèt pale apresa ma poze li ?

## 60 Minit

#15: Sam te mande si yo te kapab jwenn yon bagay pou konbat bêt ensèk sa yo kap enpeche plant nou yo pwogrese a li tap tre itil nou anpil ?

Tim: Bon koze.

Islande: Men sam tap di'n ankò. Kisa ki pi enpòtan ant chabon avèk bète [Islande grata gòj li]?

#16: Avèk bète ?

#26: Bète nou yo, kabrit

Tim: Wi, si...

#20 : Bète nou yo pi enpòtan ke chabon

#16 : Bète nou yo pi enpòtan paseke nou vin nimewo<sup>16</sup>. Rezonk fè moun yo plis fè chabon se paseke nou vin manke bète, si nou te gen anpil bète nou pa tap toutan pou'n bezwen fè chabon nou tap nik pran eee bète nal vann sitou Mathew ki te pase a li tiye bète nou yo.

Tim : Kounya ou fè plis chabon depi lè sa?

#16: Mathew fin tiye bète nou yo, kounya vin manke bète, le moun nan gen pwoblèm li oblige fè chabon.

Tim : Pa gen pa gen òganis ki bay bète bò isi?

#16 : Wi EPER

Tim: Kite bay

#16: kite bay lekòl la.

Tim : Ant jaden e bète kiyès ki pi enpòtan?

Islande: Ki pi enpòtan?

Piblik: Tou 2 tou 2 enpòtan [Tim touse]

Islande: Lè ok, le gon ka ijan kisa nou ka pi vit vann la ?

#20 : Yon bète.

Piblik: Yon bêt.

Tim : Ke fè, ke fè chabon.

Islande : Ki bêt konsa?

Piblik : Kabrit, bèf, sa depan de ka a.

#26 : Sa depann de ka a

#16 : Kabrit, mouton.

#26: Gen youn mouton an gendwa pa sifi pou li, gendwa se bèf moun nan nan moman pou'l vann,e se bèf, kabrit, mouton

#20: kochon.

Marco: Sa vle di la ke bêt yo vin pi, pi, pi bon ke jaden an?

Piblik : Non, tou le 2 bon wi, jaden an pi fasil pou nou fè, gade...

Islande : Nimewo 3. Poko, poko. Ann pranl youn pa youn. Nimewo 3!

#3 : Si si pou'm kouri e pou'm kouri ak jaden'm ak bèf mwen wi, ak bêt mwen nan menm wi. [ri]

Tim : Ok. [ri] Men ou al a bèf

#3: Wi

Islande : Ou ka kouri ak tè a?

Tim: [ri] Sa bon koze

Piblik: [ri]

#3: Map pran yon bout manyòk male

Tim: Ok, men gade ou te poze...?

#15: Kiyès kap vo plis ant bout manyòk la ak bêt la?

#3: Tou 2

#16: Bèt la ap vo plis

#26 : Kisa'm wè 26, kisa'm wè. Jaden an bêt la tout gen afè pa yo, siw gon pwoblèm se eee ou bezwen yon lajan rapid se bêt la pou'w al pran, jaden an pral plis iti ou le pouw manje, lè pou vire tounen depi yon timoun grangou se ladan pou'w ale, men bêt la siw gon pwoblèm irjan [iv] premye pou yo ta bay priyorite se bêt la, bêt la pral oblige komsi pou yon pwoblèm bêt la pral on ti jan an priyorite.

Tim: Pyebwa ou ka vann pyebwa tou?

#26: Bon, sa se bagay ou pap jwenn repons vit pou saw bezwen an.

Tim: Menm si se planch ?

#26: Wi menm si se te planch. Ou gendwa pa jwenn moun nan moman ki bezwen planch, se bêt la ki pou sove'w pi vit.

#3: Bèt lak pou sove'w mwen menm sim ta gen pòtinite pou'machte yon bêt pou kòm, m'gen pòtinite pou'm monte yon fè'w bwa m'travay yon tè m'fè jaden'm pou'm manje

Tim: Enhen

#3 : Men, si on frè, on sè banm gade yon bêt mwen ka rale'l m'vann?

Tim: M'konprann!

Islande: Chak moun gen rezon pa yo.

#15: Chak moun gen reyalite pa yo.

Tim: Men men! se menm koze bagay la vann vit.

Islande: Humm

#3 : A poutèt m'konen'l vann vit la, moun ki banm gade a m'pral vann li. [ri]

#26: Waw, la yo pral pase a moto

#3: Jaden'm nan mwen menm map itilize'l byen avè'l avè tèt ou

#26: Komen, an komen nap gade ki ki lojik, sa vle di ou gon pwoblem la plap ki paret devan'w, ou te gendwa ou pa ka epa jaden an ou pral rale pou'w vann, ou te gendwa pral ofrim jaden map diw m'pa bezwen'l. Men pi fasil wap jwenn yon lòt ap nek kouri nan mache a avek yon bet wap vann li. Bèt la an priyorite.

Piblik: Wounou, wounou

#15 : Yo pa dou'w, yo pa mande'w si genyen [Ou ka al nan jaden ou pron ponyen tè wale]

#26: Yo pa di fò'w genyen'l non

#3: E 2, e 2 a map itilize mwen menm

#15: Ou ka al nan jaden an wal pran tè pou vann ni [non]

Tim: Ou gen lòt kesyon ?

Islande: Non

Tim: Ebyen nou di mèsi wi.

Piblik: Mèsi, ok.

Fen

**64 Minit**

## NOT YO

[i] Sipo

[ii] Chè

[iii] Ankò

[iv] Ijan